Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета




№ 21 (6857) 29 май 2023 с. Итни ЗулкъагІида 1444 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

# РочІчІоб – Шамил имамасул хъала

### Шималияб Кавказалъул чуял риччаялъул фестиваль тІобитІана Килалъ росулъ

**2023-абилеб соналъул 20-абилеб маялда Бакълъулазул мухъалда «РочІчІоб мегІер – Шамил имамасул хъала» абураб чуял риччаялъул фестиваль тІобитІана. Тадбир гІуцІун букІана Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил сиясаталъул, СВОялъул рахъ кквеялда хурхун ва КІудияб Бергьенлъи босаралдаса 78 сон иналъул хІурматалда.**

Гьенир гІахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул ва Чачан Республикаялъул батІи-батІиял районазул, шагьаразул вакилзабаз. Спортивияб тадбиралда гьединго гІахьаллъи гьабуна Украинаялда тІобитІараб хасаб рагъулаб операциялъул гІахьалчагІазул хъизабаз.

Фестивалалъул гІахьалчагІаздехун саламалъулаб кІалъай гьабулаго, бакълъулазул бетІер Гъалип Гъалиповас абуна: «Шималияб Кавказалъул «РочІчІоб мегІер – Шамил имамасул хъала» абураб чуял риччаялъул фестиваль тІобитІи лъикІаб гІадатлъун лъугьана. Хьул буго гьадинал Дагъистаналъул халкъалъул хаслъи, сахавалъи бихьизабулел байрамал гІемер гІуцІизе рес щвелебин.

Цолъиялъулъ буго нилъер къуват. Жакъа, иргадулаб нухалъ фашизмалда данде къеркьолеб мехалъ, нилъее цолъи цІакъго хІажат буго. СВОялъул гІахьалчагІаз, КІудияб ВатІанияб рагъул ветераназго гІадин, бахІарчилъиялъул мисал бихьизабулеб буго. ВатІаналъул тІалабал къиматаб даражаялда тІоритІулел руго.

Бакълъул районалъул администрациялъ бажарараб кумек гьабизе буго спецоперациялъул гІахьалчагІазе ва гьезул хъизабазе. Нилъер вакилзабаз чанцІулго щвезабуна СВОялъул мухъалде гуманитарияб къайи. Бакълъулал жигарго гІахьаллъана «Солдатасухъе посылка», «Солдатасухъе кагъат» абурал ва цогидал акциязулъ.

Районалъул женсоветалъ ва цогидал идарабаз хІаракат бахъана нилъерго ракьцояхъе ва цогидал СВОялъул рагъухъабахъе гуманитарияб кумек щвезабиялъулъ. Нахъеккунги бакълъулаз сахавалъиялъул мисал бихьизабизе букІиналда щаклъи гьечІо».

Тадбиралда гьединго гІахьаллъана сахаватчи, Гъизилюрт шагьаралъул депутатазул Собраниялъул депутат МухІамад Загьидов, Гъизилюрталъул районазда гьоркьосеб прокуратураялъул прокурор ГІали НурмухІамадов, районалъул бетІерасул за-



меститель МухтарахІмад АхІмадов, «АхІулгохІ» ДРО-Оялъул нухмалъулев Гъайирбег ГІабдулаев, ЧІарада районалдаса хІалхьуда вугев полковник ГІабдурахІман ХІабибулаев, Килалъа гьунарчи ГІумар ХІандулаев, сахаватчи БатІал БатІалов, Бакълъул мухъалъул идарабазул вакилзаби ва цогидал.



Тадбир бачана НурмухІамад НурмухІамадовас.

«Шамил имамасул нухдасан – Даргъоса Гъунире» абураб тадбир тІобитІулаго, Шамилил районалъул ТІелекь росулъа чІотІахъан ГІалиасхІаб МухІамадовасул чу, кьурулъан гъоркье бортун, хвана «Килалъ росу» поселениялъул мухъалда. Килдерица ГІалиасхІабие цІияб чу сайгъат гьабуна. Гьелъухъ баркала кьезе рачІана тІелекьисел. ТІелекь росдал бегавул ГІабдурахІманхІажи МухІамадрасуловас баня гьабуна, гьединал сахаватал ишаз квербакъизе букІин хадубккунги халкъазул цолъи цІунизе.

Тадбиралъул официалияб бутІаялдаса хадуб фестивалалъул гІахьалчагІи балагьана чуял риччаялъухъ. ЧотІахъабаз бихьизабуна жидерго махщел. Гьедин, 1 свериялда бекераб ГІахьвахъ районалдаса Жаватхан Имангъазалиевасул чуялъе щвана тІоцебесеб бакІ, кІиабилеб – Лунка абун цІар бугеб Килалъ росулъа ХІабибула Шариповасул чуялъе, лъабабилеб бакІ щвана Асакаб абураб Килалъ росулъа ГІалиасхІаб МухІамадовасул чуялъе.

3 сверияль рекеризе риччарал чуязда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ босана ТІаса Инхоса МухтарахІмад АхІмадовасул чуялъ, кІиабилеб – Килалъ росулъа ХІусен ХІажимухІамадовасул чуялъ, лъабабилеб – Болъихъ районалъул Шодрода росулъа Шахбан Шахрулабазановасул чуялъ.

7 свериялда тІоцебесеб бакІалъе мустахІикълъана МухІамадсайгид Расуловасул (Килалъ) чу, кІиабилеб бакІ босана Нуцалхан Нуцалхановасул (Зило росу) чуялъ, мазгарул чІел босана СагІид Исрапиловасул (Ведено районалъул Даргъо росу) чуялъ.

Бищун халатаб 11 свериялда тІоцебесеб бакІ щвана Бакълъул районалъул бетІер Гъалип Гъалиповасул Джихангир абун цІар бугеб чуялъе. кІиабилеб бакІалде бачІана Болъихъ районалъул ГІанди росулъа МухІамад МухІамадовасул Лизаз абураб чу, лъабабилеб – Чачаназул Ведено районалъул Даргъо росулъа Шамил Матыговасул Борз абураб чу.

БатІа тІун 5 свериялда рекеризе риччана килдерил чуял. ТІоцебесеб бакІ щвана МухІамадрасул МухІамадовасул чуялъе, кІиабилеб – МухІамадсайгид ИсубхІажиевасул чуялъе, лъабабилеб – ХІабиб МухІамадовасул чуялъе.

Гьединго хІамул рекеризе риччайги тІобитІана тадбиралда. Турниралъул кІицІулго чемпионлъун бахъана Мустанг абураб МухІамад Шайхолисламовасул хІама.

500 метралъул манзилалда рекериялъул къецазул хІасилалда тІоцебесеб бакІалъе мустахІикълъана ХІамзат МухІамадов (Килалъ), кІиабилеб бакІ ккуна ХІажияв ИсубхІажиевас (Килалъ), лъабабилеб – Малик МухІамадовас (Килалъ).

Азарго метралъул манзилалда рекераразда гьоркьоб бергьенлъи босана Килалъа МухІамад МухІамадовас, кІиабилеб – МухІамад Шариповас (Килалъ), мазгарул чІел босана Зубайир Алхасовас (Хунзахъ район). Канат цІаялъулъ бергьана Бакълъул районалъул администрациялъул команда.

Къецаздаса хадуб районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас бергьенлъи босаразе ва къиматал бакІал ккуразе кубокал, медалал, гІарцулал ва цогидал сайгъаталги кьуна. Хасгьабун сайгъатал кьуна сахаватчагІазги. Фестивалалъул гІахьалчагІазе квенги чІезабун букІана.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:




Гъалип Гъалипов: «Исана 130 млн гъурущ бичча̄на районалъул цІалул идараби къачІазе»

- 2 гьум.



Гъадарисез росдал къо тІобитІана

- 2 гьум.



Ахирисеб цІумур кьабуна бакълъулазул школазда

- 2- гьум.



«Бакъул улка цІунулел»

- 2- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТIАЛАБАЛ ТIОРИТIУЛЕЛ РУГО

# Гъалип Гъалипов: «Исана 130 млн гъурущ биччана районалъул цIалул идараби къачIазе»

### Программаби нухдаинари, тIабигIияб газ бачин...

**2023-абилеб соналъул 25-абилеб маялда ДРялъул регионалъе нухмалъи гьабиялъул централда тIобитIана Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул гIахьаллъигун эфир. Муниципалитеталъул гIадамазул кIвар бугел суалазе жавабал кьуна Гъалиповас.**

Гьес бицана росабалъе тIабигIияб газ бачиналъул, ФАПал рагьиялъул, нухал къачIаялъул, федералиял ва тинил жигаралдалъун нухдаинабураб школал къачIаялъул федералияб программаялъулъ гIахьаллъана Бакълъул район. Нижее рес щвана 8 школа къачIазе. Исана 130 млн гъурущ биччана районалъул цIалул идараби къачIазе»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Гьединго эфиралда бакълъулазул бетIерас бицана СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизабазе гьабураб кумекалъул. Гьесул баяназда рекъон,



регионалиял проектал районалда гIумруялде рахъинариялъул. Гъалип Гъалиповасул рагIабазда рекъон, цIияб цIалул сон байбихьилелдехун рагьизе буго ЦIияб Аргъвани росулъ бараб 250 цIалдохъанасе бакIги бугеб школа. Гьеб бан букIана Республикаялъулаб адреснияб инвестиционнияб программаялда рекъон, 273 млн гъурущ харжги гьабун.

ЛъаратIа ва Данухъ росабалъе кватIичIого щвезе буго тIабигIияб газ. 2025-абилеб соналде тIолго район гьеб цIатариялдалъун хьезабизе буго. Гьаб соналъ микьго школалда капиталияб ремонт гьабизе рес щвеялъулги бицана Гъалиповас.

«Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил жигаралдалъун ... фронталде битIун буго 20 тоннаялдасаги цIикIкIун гуманитарияб кьайи.

«Бакълъулазул щибаб идараялъул хIалтIухъабаз, школазул, садиказул, тIалъиялъул вакилзабаз, гIадатиял бакълъулаз кутакалда хIаракат бахъана ВатIан цIунулезе кумек гьабизе. Районалъул тIалъиялъ тIоцебесеб иргаялда тIурала гьезул хъизабазул суалал.

МелъелтIа росдал 2 кватIалъе кьуна СВОялдаса тIадруссинчIел бахIарзазул цIарал, спецоперациялъул гIахьалчиясул рукъ бугеб кватI, бетон тIун, къачIана, ва гь. ц гьабуна ва нахъеккунги гьабизе буго»,- ян абуна Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Ахирисеб цIумур къабуна бакълъулазул школазда

**Бакълъул районалъул цIалул идарабазда тIобитIана ахирисеб цIумур къабиялъул байрам. ЦIалдохъабазда, мугIалимзабазда, умумузда цIалул сон ахиралде щвей баркана муниципалитеталъул вакилзабазги.**

Гьедин, районалъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиев щвана МелъелтIа росдал Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалде. Игьелдерил школалъул вакилзабазда баркана бакълъулазул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас.



Идарабазул вакилзабаз ва лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабазги баркана щивав цIалдохъанасда ахирисеб цIумур къаби, гьарана гIумрудулъ чIахIиял бергьенлъаби ва щулияб сахлъи.

Бакълъулазул мухъалда кIудияб кIвар буссинабун буго лъайкьей цебетIезабиялде. Жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго федералиял, регионалиял программабалъ. Гьедин, исанаги рес щвана 8 школалда капиталияб ремонт гьабизе. КъачIалел руго ясли-ахазул минабиги.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# СВОялъул гIахьалчи Сахрудин Сахруевасул хIурматалда мавлид ахIана цIилкьадерица

**Бакълъул районалъул ЦIияб ЦIиликь росдал гIадамаз кIодо гьавуна хасаб рагъулаб операциялъул рагъухъан Сахрудин Сахруев. Рагъулаб борч къиматалда борхарасул хIурматалда мавлид ахIана гьез. ВатIан цIунулезул кьерда вукIарав Сахрудинихъе щвана Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевги.**

Цадахъаб дугIаялъулъ цIилкьадерица гьарана бергьенлъигун СВОялъул рагъухъаби гIагараб ракьалде тIадруссин. Хасаб рагъулаб операциялъулъ



бахIарчиго гIахьаллъаразе ва гьезул хъизабазе кумек гьаби муниципалитеталъул административлъул аслияб масъаладаса цояб буго.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# «Бакъул улка цIунулел»

### Федералиял телеканалазул журналистал дандчIвана бакълъулазул бахIарзалгун

**«Гумбет» медиагруппаялъ араб анкьалъ гIуцIана «Бакъул улка цIунулел» абураб пресс-тур. Гьедин, Игьали росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана СВОялъул гIахьалчагIазулгун дандчIвай. Мультимедийнияб цIиял харбазулаб «Известия» централъул, РЕН ТВ ва Пятый каналазул вакилзаби рачIана Игьалире ВатIан цIунулезул хIакъалъулъ сюжетал рахъизе.**

Росдал гьоркьохъеб школалъул директор СагIид МухIамадовас бицана ВатIан бокьиялъул рахъалда хурхун цIалул идараялда гьарулел хIалтIабазул: «Лъай кьеялдаго цадахъ ВатIан бокьиялъул рахъги цебетIезабизе ккола школазда. Нижеца кIудияб кIвар кьола гьеб суалалде.

Игьали росдал школалъул 62 выпускникас гIахьаллъи гьабуна спецоперациялда, гьениб бихьизабураб гьунаралъухъ щвана гьезие медалал ва орденал. Нижеца стенд хIадур гьабуна СВОялъул рагъухъабазул гIумрудул хъвараб ва суратал рахъараб. «Солдатасухъе кагъат», «Солдатасухъе посылка» абурал акциязулъ гьираго гIахьаллъана цIалдохъаби, умумул ва мугIалимзаби.

Нилъеда тIадаб буго умумузул ирс цIунулелъун рукIине. КIудияб ВатIанияб рагъда бихьизабураб къохIехьей, бихьинчилъи мисалалъе босун, жакъаги руго нилъер ракьцоял фашизмалда данде кьеркьолел».



Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи Шамил ХIадисовасе ва Абакар ХIадисовасе гIемерал суалал кьуна цIалдохъабаз. РагIа-ракьанде щварал жавабалги щвана гьезие.

Данделъиялда гьединго гIахьаллъи гьабуна Бихьинчилъиялъулаб орденалъе мустахIикъалъарав ГIабас ХIусеновасул имгIал Муса ХIусеновас. Федералияб СМИязул вакилзабаз Бакълъул мухъалдаса СВОялде арал цогидал рагъухъабазул хIакъалъулъги рахъана репортажал.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Гъадарисез росдал къо тIобитIана

Гъадарисез араб анкьалъ кIодо гьабуна росдал къо. Гьелъул хIурматалда тIоритIана чIорбутI речIчIи ва цогидал спортивиял къецал. Районалъул администрациялъул ва тIолго бакълъулазул рахъалазул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас, финансовияб управлениялъул нухмалъулев РурухIма Халидовас, районалъул ГО ва ЧСялъул, цIа ккеялъул хIинкъи гьечIолъиялъул идараялъул нухмалъулев ХIасан ХIасановас, спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул хIалтIухъан ХIабиб ГIабасовас, районалъул имам ГIабдурашид ХIажиевас, данхъадерил бегавул ГIабдулатIип ГIисаевас ва цогидаз.



дасан гъадарисезда росдал къо баркана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас. Районалъул нухмалъулес росдал бегавул ГIабдула МухIумаевасе поселение цебетIезе бахъараб хIаракаталъухъ баркалаялъул кагъат кьуна.

Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна бакълъу...

**«Гумбет» РИО**

БЕРГЬЕНЛЪАБИ ЦIИКIКIАГИ

## Болъихъ тIобитIарал къецазулъ лъикIал хIасилал рихьизаруна бакълъулазул гIолилал спортсменаз

**Болъихъ районалъул Болъихъ росулъ 2007-2008-абилел соназ гьарурал васазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ тIобитIарал къецазулъ Бакълъул мухъалдаса гьитIинал спортсменаз тIоцебесеб ва призовиял бакIал росана.**

ТIоцебесеб бакIалъе гIоло тIобитIарал къецазулъ



гIахьаллъи гьабуна Болъихъ, Бакълъул, ГIахьвахъ ва ЦIумада районаздаса гугарухъабаз. Къецазул хIасилалда бакълъулазул гIолилал спортсменаз рихьизаруна лъикIал хIасилал.

Гьедин, 68 кг цIайиялда цере рахъаразда гьоркьор тIоцебесеб бакI ккуна Игьалиса АхIмад Жамалудиновас, тренер – Шамхал Ибрагьимов. КIиабилел бакIал росана: 38 кг щвечIезда гьоркьор ГIабдулмалик Амагаевас (МелъелтIа), тренер – МухIамад Астемиров; 44 кг цIайиялде щвезегIан ругезда гьоркьор МухIамад Лабазановас (Игьали), тренер – Шамхал Ибрагьимов; 48 кг цIайиялде щвезегIан – ГIабдула Бекмирзаевас (МелъелтIа), тренерал – Мурад МухIамадов ва Шамил Халидов; 92 кг щвезегIан – МухIамадсагIит МухIамадовас (ЧIиркъатIа), тренер – ГIабдула ГIабдуразакъов.

62 кг цIайиялде щвезегIан цеве вахъарав Гъоркь Инхоса АхIмад Сайгитовасе лъабабилеб бакI щвана. Гьесул тренер ккола ГIумар ГIабдулгъаниев. Цере рехсарал спортсменаз гIахьаллъи гьабизе буго июнь моцIалъШамилил районалъул ГIурада росулъ тIоритIизе ругел къецазулъ.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас тIоцебесеб ва призовиял бакIал росарал гIолилал спортсменазда баркана лъикIал хIасилал рихьизари, гьарана нахъеккунги спорталъулъ ва гIумрудулъ церетIеял.

**Макка МухIамадова**

РИТМ ГУМБЕТА

## Глава АСП «Сельсовет “Аргванинский”» Гусейн Османов провел встречу с жителями по вопросам контрактной службы

**В населенных пунктах Гумбетовского района систематически проводят мероприятия в целях патриотического воспитания подрастающего поколения, молодежи.**



Главы поселений уделяют этому вопросу значительное внимание. Глава АСП «Сельсовет “Аргванинский”» Гусейн Османов провел для сельчан информационно-разъяснительную беседу, в ходе которой рассказал о преимуществах заключения контракта с Минобороны России в целях прохождения военной службы.

Как рассказал Османов, пожелавшие заключить контракт будут обеспечены достойной зарплатой, полным соцпакетом, а также контрактники получают государственные выплаты, льготы и т. д. Отметим, что подобные встречи состоялись и в других сёлах района. Вопросы гражданско-патриотического воспитания находятся на личном контроле главы муниципалитета Галипа Галипова.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

**РЕШЕНИЕ №1**

**от 29 марта 2023 г.** **с. Нижнее Инхо**

### «Об утверждении отчета об исполнении бюджета СП «Село Нижнее Инхо» за 2022 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом СП «Село Нижне Инхо», послушав доклад главного бухгалтера администрации сельского поселения об исполнении бюджета СП «Село Нижнее Инхо» за 2022год Собрание депутатов:

Р Е Ш И Л:

1. Утвердить отчёт «Об исполнении бюджета сельского поселения «Село Нижнее Инхо» за 2022 год» (прилагается).

- по доходам в сумме 14490664 рублей согласно приложени №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 14570197 рублей согласно приложени №2 к настоящему решению.(источником финансирования дефицита бюджета 2022года является остаток бюджетных средств 01.01.2022г -565175 рублей

2. Согласно п.6 статьи 52 Федерального закона от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» обнародовать сведения отчета «Об исполнении бюджета СП «Село Нижнее Инхо» в районной газете «Гумбет»

3. Настоящее решение вступает в силу со дня принятия.

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо» Магомедов А.А.**

**Приложение №1**
**к решению Собрания депутатов АСП «Село Нижнее Инхо» от 29 марта 2023 г. №1**

### Доходы бюджета сельского поселения «Село Нижнее Инхо» за 2022 год

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | | | | | | | План на 2022 год т.р | Фактически исполнено за 2022 год т.р. | % исполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Администратор | Вид доходов | | | | Подвид доходов | КОСГУ | | | |
| | | Группа | Подгруппа | Статья и подстатья | Элемент | | | | | |
| Налог на доходы физических лиц | 182 | 1 | 01 | 02010 | 01 | 1000 | 110 | 32 | 35,3 | 110,3 |
| Налог на имущество физических лиц | 182 | 1 | 06 | 01030 | 10 | 0000 | 110 | 30 | 39,4 | 131,3 |
| Единый сельскохоналог | 182 | 1 | 05 | 03000 | 00 | 0000 | 110 | | | |
| Земельный налог | 182 | 1 | 06 | 06033 | 10 | 1000 | 110 | 167 | 166,4 | 99,6 |
| Государственная пошлина | 000 | 1 | 08 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | | | |
| ПРОЧИЕ НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ | 000 | 1 | 00 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | | | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | 000 | 8 | 50 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | 229 | 241,1 | 105,3 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 001 | 8 | 70 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | 14392,8 | 14392,8 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 001 | 2 | 02 | 01001 | 10 | 0000 | 150 | 2629 | 2629 | 100,0 |
| Субсидии в.т числе | 001 | 2 | 02 | 02000 | 00 | 0090 | 150 | 10514 | 10514 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования | | | | | | | | 6807,1 | 6807,1 | 100,0 |
| Межбюджетные трансферты бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | | | | | | | | 119 | 119 | 100,0 |
| Субвенции | 001 | 2 | 02 | 03000 | 00 | 0090 | 150 | 100,9 | 100,9 | 100,0 |
| в том числе | | | | | | | | | | |

(Продолжение - на 4 стр.)

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Обращение в связи с началом туристического сезона

**Уважаемые граждане-жители Гумбетовского района!**

Ко вниманию собственников жилых домов и квартир, предоставляющих помещения для проживания! В связи с началом туристического сезона в Республике Дагестан ожидается рост туристической активности и прибытие большого количества туристов из других регионов России.

Из-за отсутствия необходимого количества гостиниц большое количество туристов снимают квартиры в наём у местных жителей, в связи с чем возрастают угрозы посягательств на туристов и их имущество, а также факты нарушений со стороны владельцев жилых помещений, связанных с неуплатой налогов от доходов, полученных при сдаче жилья. В этой связи ОМВД России по Гумбетовскому району предупреждает о необходимости повышения бдительности при сдаче жилья в наём, о необходимости предъявления документов, удостоверяющих личность, квартиросъёмщиками, чтобы при возникновении чрезвычайных обстоятельств вы могли предоставить информацию о жильцах сотруднику полиции, а также о соблюдении требований законодательства Российской Федерации при сдаче жилья в наём.

**С уважением,
Начальник ОМВД России по Гумбетовскому району
полковник полиции
М.А. Магомедов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## В Игалинской средней школе подвели итоги месячника по безопасности дорожного движения

**В Игалинской средней школе Гумбетовского района подвели итоги месячника по безопасности дорожного движения с участием начальника ОГИБДД ОМВД РД по Гумбетовскому району Расула Аххубегова.**

Перед учащимися также выступил директор Игалин-



ской средней школы Саид Магомедов. Начальник ОГИБДД ОМВД РД по Гумбетовскому району Расул Аххубегов отметил, что ученики данного образовательного учреждения знают правила дорожного движения, так как руководство школы уделяет этому вопросу повышенное внимание.

Во избежание ДТП с участием пешеходов и обеспечения безопасности на дорогах всем необходимо знать ПДД.

По территории АСП «Сельсовет "Игалинский"» проходит дорога республиканского значения Махачкала – Ботлих, здесь интенсивное автомобильное движение. Проведение месячников по БДД спасает жизни и здоровье людей. Желаем всем счастливой дороги и только добрых вестей!

**РИО «Гумбет»**

(Начало - на 3 стр.)

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | **001** | 2 | 02 | 03003 | 05 | 0000 | 150 | 100,9 | 100,9 | 100,0 |
| Поступление от денежных пожертвов-й | 001 | 2 | 04 | 05020 | 10 | 0000 | 150 | 1029,9 | 1029,9 | 100,0 |
| Возврат субсидий,субвенций прошлых лет | 001 | 2 | 19 | 05000 | 10 | 0000 | 150 | | -143,3 | |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | **000** | **00** | **00** | **00000** | **00** | **0000** | **000** | **14621,8** | **14490,6** | **99,1** |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов АСП «Село Нижнее Инхо» от 29 марта 2023 г.**

### Расходы бюджета сельского поселения «Село Нижнее Инхо»» за 2022 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимиты бюджет -ных обязат. на 2022год | Кассовые выплаты за 2022 год т.р. | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 15051,2 | 14570,2 | 96,8 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 1837,3 | 1729,4 | 94,1 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1837,3 | 1729,4 | 94,1 |
| Местные выборы | 001 | 01 | 07 | 9900010050 | | | #ДЕЛ/0! |
| Резервные фонды | 001 | 01 | 11 | 9900010070 | | | #ДЕЛ/0! |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | 9980051180 | 100,9 | 100,9 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 100,9 | 100,9 | 100,0 |
| Национальная безопасность и правоохранительная деятельность | 001 | 03 | 00 | | 0,0 | 0,0 | #ДЕЛ/0! |
| Защита населения от ЧС | 001 | 03 | 9 | 9990020670 | | | #ДЕЛ/0! |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 7131,6 | 6854,0 | 96,1 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 7131,6 | 6854,0 | 96,1 |
| Другие вопросы экономики | 001 | 04 | 12 | 9900040300 | | | |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 616,9 | 594,4 | 96,4 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 616,9 | 594,4 | 96,4 |
| Образование | 001 | 07 | 00 | | 15,0 | 0,0 | 0,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 15,0 | | 0,0 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 5318,8 | 5291,5 | 99,5 |
| Културно досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 5318,8 | 5291,5 | 99,5 |
| Социальная поллитика | 001 | 10 | 00 | | 0,0 | 0,0 | #ДЕЛ/0! |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенс) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | | | #ДЕЛ/0! |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 30,7 | | 0,0 |

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.